



Student Name _____

Please Print

School Board of Brevard County, Florida

Kontra pou Elèv/ Paran sou Telefòn Selilè ouwa Aparèy Kominikasyon sou Entènèt

Pwoteje elèv, staf epi kenbe entegrite nan anviwònman aprantisaj la se pemye priyorite nou

- Sèvi ak telefòn selilè / WCDs, eksepte pou moun ki apwouve pa yon pwofesè ouwa administratè entèdi epi yo dwe fèmen nèt (oswa mete sou mòd vibrasyon ouwa mòd silans) epi sere on kote ki pa sou je moun.
- Lè li otorize ouwa apwouve sou sit la pa on direktè / manm direksyon an, elèv yo ka sèvi ak telefòn selilè yo / WCDs anvan ak apre lekòl, pandan rekreyasyon manje yo, nanmitan klas yo, nan aktivite apre lekòl, ak nan fonksyon ki gen rapò ak lekòl la, depi yo pa deranje anviwònman edikasyon lekòl la.
- Elèv yo ka itilize telefòn selilè yo / WCDs pandan y ap monte bis pou ale nan lekòl la, pou aktivite lekòl la patwone, selon diskresyon chofè otobis la, pwofesè, ouwa responsab aktivite a. Yo pap tolere okenn konpòtman ki deranje sekirite anviwònman an.
- Lè direktè administratè a ouwa responsab la mande l, telefòn selilè yo Cellphones / WCDs dwe fèmen konplètman pandan aktivite aprè lekòl yo epi sere on kote ki pa sou je.
- Elèv yo pa dwe gen okenn konfidansyalite konsènan itilizasyon telefòn selilè yo / WCD sou pwopriyete lekòl la.
- Gen on telefòn selilè / WCD nan lekòl pandan lè lekòl la / ouwa pandan aktivite apre lekòl la se yon privilèj ki ka pèdi nenpòt lè elèv la pa respekte règleman sa a, ouwa abize privilèj sa a.

Depi yo ta kenbe yon elèv ap sèvi avèk yon telefòn selila / WCD, ouwa yon bag / telefòn selila / WCD pandan jounen lekòl la, aksyon disiplin ka pran kont li, enkli men se pa sa sèlman yon referans disiplin nan biwo ak konfiskasyon telefòn lan. Anplis de sa, abi elèv yo nan règleman sa a ap lakòz elèv la pèdi privilèj li pou kapab pote yon telefòn selila / WCD pou tout tan, ouwa pou yon peryòd tan ka detèmine pa administratè a.

- Konpòtman elèv konsènan cellphones / WCD dwe konsistan avèk Règleman School Board 5136 la.
- tel elèv / WCD k ap sonnen ouwa vibre nan klas ka lakòz konfiskasyon telefòn la ak aksyon disiplinè.

Pandan tan egzamen yo ak lòt evalyasyon elèv yo, pwofesè yo ka mande pou elèv yo retire telefòn selilè / WCD yo bò kote yo, mete yo nan kazye yo ouwa plase yo anba yon biwo, pou diminye chans pou sekirite tès la pa konpwomèt.

Pandan asanble dife, asanble, ouwa lòt evakyasyon lekòl yo konsidere blakawout nan telefòn selilè/ WCD. Pandan evènman sa yo, itilizasyon telefòn selilè / WCD kapab limite ouwa entèdi.

Kontra elèv

Mwen, _____ (Non elèv la) Konprann ke posesyon telefòn selilè sou kanpis la se on privilèj ki kapab anile nenpòt kilè pa on administratè pou vyolasyon règleman lekòl la sou kalite posesyon sa a, ke yo ban mwen epi ke mwen te li. Anplis, mwen konprann ke lekòl la ak anplwaye yo pa responsab nan okenn ka ke yo volè ouwa andomaje telefòn selilè mwen an pandan ke mwen nan lekòl la. Lekòl la pa oblije fè rechèch sou pèt ak andomajman an.

Siyati elèv la: _____ Dat: _____

Mak telefòn selilè a, modèl ak nimewo telefòn la: _____

*(Enfòmasyon sa a ka sèvi nan ka telefòn ou a pèdi ouwa volè pou rele l ouwa lokalize) *** Si ou ta genyen yon lòt telefòn selilè, ou dwe bay mak, modèl la ak nimewo telefòn la nan biwo administrasyon an tousuit, ouwa kontra sa a pral anile san vale.****

Kontra paran

Mwen, _____ (Non paran an) konprann kontra sa a ki konsène posesyon telefòn selilè elèv mwen an sou kanpis lekòl la. Anplis de sa, mwen konprann ke lekòl la ak anplwaye li yo nan okenn jan pa responsab ke yo volè ouwa andomaje telefòn selilè pitit mwen an pandan ke li nan lekòl la. Lekòl la pa oblije fè rechèch sou pèt ak andomajman telefòn selilè a. Si yo ta sezi telefòn selilè pitit mwen an, mwen konprann ke sèl jan pou yo remèt li se si mwen vin pran li nan lekòl la mwen menm.

Paran/gadyen (tanpri prente l _____)

Siyati Paran/gadyen: _____ Dat: _____